



Pou Piblikasyon Imedya: 05/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NEW YORK OPOZE A DEMANTÈLMAN
GOUVÈNMAN FEDERAL LA PWOPoze POU YO FÈ NAN PWOTEKSYON SWEN
SANTE POU MOUN KI TRANSEKSYÈL YO AK MOUN KI PA KONFÒME A YON
SÈL SÈKS YO**

***Depatman Sèvis Finansye a, Divizyon Dwa Zimen an ak Biwo Sèvis pou Timoun
ak Fanmi yo Soumèt Kòmantè sou Opozisyon yo a Pwopozisyon Depatman
Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an Avanse a ki Pral Afebli Pwoteksyon Kont
Diskriminasyon yo epi Limit Kalite Asirans ki Dwe Konfòme yo a Pwoteksyon
Kont Diskriminasyon yo***

***Depatman Sante Eta New York la, Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral
yo ak Biwo Sante Mantal la pral Soumèt Kòmantè pa yo tou nan Semèn sa a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse opozisyon plizyè ajans a demantèlman gouvènman federal la pwopoze pou yo fè nan pwoteksyon swen sante pou moun ki transeksyèl yo ak moun ki pa konfòme a yon sèl sèks yo. Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta New York la, Divizyon Dwa Zimen an (Division of Human Rights, DHR) ak Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi yo (Office of Children and Family Services, OCFS) te soumèt kòmantè pou ankouraje gouvènman federal la pou yo abandone pwopozisyon Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, DHHS) Etazini an avanse a ki pral afebli pwoteksyon kont diskriminasyon pou moun ki transeksyèl yo ak moun ki pa konfòme a yon sèl sèks yo epi limite kalite asirans ki dwe konfòme yo a pwoteksyon kont diskriminasyon ki nan Lwa sou Swen Abòdab la (Affordable Care Act, ACA). Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a, Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral yo (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) ak Biwo Sante Mantal la (Office of Mental Health, OMH) pral soumèt kòmantè pa yo tou nan semèn sa pou afime opozisyon yo a règ yo pwopoze a.

"Pandan administrasyon federal la kontinye atake swen sante nou ak kominite LGBTQ a, New York ap lite pou defann nou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te pran mezi imedya ane sa pou asire ke tout Nouyòkè pwoteje kont diskriminasyon nan men konpayi asirans yo - kèlkeswa sa k pase nan Washington -- men demantèlman yo pwopoze la yo kontrè a prensip nou yo epi nou dwe anpeche sa fèt. Nan New York, lesansyèl sèke: nou p ap pèmèt règ nefas sa afekte dwa sante Nouyòkè transeksyèl yo ak sila ki pa konfòme a yon sèl sèks yo."

"N ap kontinye trase chemen an pou nasyon an gras a efò nou ap fè pou n pwoteje dwa kominite LGBTQ a, ki gen ladan adopsyon GENDA, entèdiksyon Terapi Konvèsyon an, ak eliminasyon defans panik omoseksyèl ak transeksyèl la", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Travay sa ap kontinye pandan n ap lite kont yon

gouvènman federal k ap menase demantle pwogrè nou te fè a. Antanke kote mouvman dwa LGBTQ yo te pran nesans, se responsablite nou pou n opoze a politik diskriminatwa sa yo k ap soti nan Mezon Blanch lan epi asire kontinye pwoteje Ameriken transeksyèl yo ak sila ki pa konfòme a yon sèl sèks yo."

Sirentandant Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell te deklare, "Fonksyon gouvènman an se pou l trete sitwayen l yo nan fason egal, epi lè yo retire pwoteksyon enpòtan sa yo, sa ap ekivalan a diskriminasyon. Nan New York, nou sipòte tout moun nou yo, patikilyèman sila ki istorikman ap fè fas a diskriminasyon yo, epi nou mande gouvènman federal la pou yo fè menm jan avèk nou".

Komisè DHR la, Angela Fernandez te deklare, "Moun ki pa idantifye ak sèks yo te ba yo lè yo te fèt la yo deja vilnerab, yo deja viktim anpil diskriminasyon ak eksklizyon. Yo dwe redui disparite sou plan aksè a swen sant yo, pa ogmante yo. NYSDHR gen obligasyon pou nou dekouraje diskriminasyon kote ki gen enstalasyon piblik yo epi nou pral kontinye fè respekte Lwa sou Dwa Zimen Eta New York la ki entèdi diskriminasyon sou baz idantite ak ekspresyon seksyèl".

Komisè OCFS la, Sheila J. Poole, te deklare, "Lè nou refize bay sèvis sante vital sa yo sou baz idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, oswa nan ka sante repwodiktiv, chwan sante ak chwa lavi yo, sa kondanab epi yo pral lakoz anpil domaj fizik, mantal ak emosyonèl non sèlman pou timoun ak jèn Eta New York yo, men tou sila yo ki toupatou nan nasyon an. Atak diskriminatwa sa a revòltan epi li inekskizab".

Komisè Depatman Sante a, Doktè Howard Zucker te deklare, "Eta New York pran angajman pou yo elimine diskriminasyon sou tout fòm, epi mezi federal yo pwopoze la yo se yon tantativ pou anile anpil nan pwogrè nou te fè yo. Lè nou retire dispozisyon diskriminatwa sa yo nan Lwa sou Swen Abòdab la, règ yo pwopoze a pral vrèman pèmèt yo fè diskriminasyon kont moun transeksyèl yo ak LGBTQ yo, sa k ap rekonstwi baryè ki te anpeche yo jwenn aksè a swen sante ke nou te travay di anpil pou n te demoli yo".

Komisè OPWDD a, Theodore Kastner, MD, MS te deklare, "Moun ki gen andikap devlopmantral yo deja ap sibi anpil diskriminasyon chak jou nan lavi yo. Lè yo ajoute diskriminasyon sou baz sèks nan melanj lan sa pral plis ogmante inegalite pou popilasyon ki vilnerab yo, ki depann de swen sante aksesib".

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare, "Moun transeksyèl yo ak LGBTQ yo gen dwa pou yo jwenn aksè a menm kalite swen sante ak tout Nouyòkè. Moun transeksyèl yo ak LGBTQ yo kouri pi gwo risk pou yo soufri depresyon, panse swiside ak lòt enkyetid sante mantal yo, akòz eksperyans asèlman, diskriminasyon ak rejeksyon yo viv. Li enpòtan anpil pou n elimine diskriminasyon ak disparite sou plan swen sante pou kominote sa a".

Jou 14 Jen 2019 la, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an te pwopoze yon règ pou anile yon règleman federal ki presize ke pwoteksyon kont diskriminasyon ki nan Lwa sou Swen Abòdab lan ki baze sou sèks yo gen ladan yo tou pwoteksyon ki baze sou idantite seksyèl ak kliche seksis yo. Toutfwa, dapre Lwa sou Dwa Zimen Eta New York la, yo entèdi diskriminasyon sou baz idantite oswa ekspresyon seksyèl nan travay

ak oktwa pèmi, enstalasyon piblik yo (ki gen ladan founisè swen sante yo), lojman, edikasyon ak kredi. Byenke lwa Eta New York la pral pwoteje kont chanjman gouvènman federal la pwopoze yo, chanjman yo, si yo aplike yo, pral enpoze yon fado regilatwa anplis pou Depatman Sèvis Finansye a paske anpil konpayi asirans pral eseye demantle politik kont dikriminasyon yo genyen yo. Règ yo pwopoze la pral afekte endistri swen sante a nan fason negativ tou lè l kreye konfizyon pou founisè ansanm ak benefisyè swen sante yo epi li pral afekte aksè a bon jan kalite swen nan fason negativ.

DFS te pibliye yon [lèt](#) pou plede ke règ yo pwopoze a:

- Retire idantite seksyèl ak kliche seksis nan definisyon diskriminasyon seksyèl la epi l ap redui anplè pwoteksyon pou moun ki istorikman fè fas a diskriminasyon yo.
- Pwopoze pou yo elimine plis pwoteksyon kont diskriminasyon sou baz oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl nan yon bann lòt dispozisyon ke Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo (Centers for Medicare and Medicaid Services, CMS) ap jere.
- Fè anpil moun mal lè yo elimine dispozisyon konsènan avi pou abòde diskriminasyon, redui aksè a swen sante pou sila ki pa byen metrize Anglè yo (limited English proficiency, LEP), diskrimine kont sila ki gen VIH/SIDA ak lòt kondisyon medikal sevè yo, epi redui aksè a sèvis avòtman yo.

Depatman Sèvis Finansye a te pibliye yon lèt sikilè avan kote yo te konseye konpayi asirans yo pou yo garanti tout tretman ki nesèsè sou plan medikal yo pou disfori seksyèl; garanti tretman pou esterilite kèlkeswa oryantasyon seksyèl oswa eta sivil yon moun; garanti PrEP pou prevni kont enfeksyon VIH; epitou pou konpayi asirans yo pa refize reklamasyon yo akòz sèks yon moun pa koresponn ak sèks moun yo tipikman ofri sèvis sa yo.

Pou reponn a diskriminasyon sistemik ki baze sou idantite seksyèl nan prestasyon swen sante a, NYSDHR te [pibliye yon dokiman pou gide popilasyon an k ap mete aksan sou fason yo pwoteje Nouyòkè yo pou lopital yo pa ka fè diskriminasyon kont yo](#). Dokiman sa li byen klè: li ilegal pou yo refize aksè a yon lopital akòz idantite oswa ekspresyon seksyèl yon moun; endike moun transeksyèl yo pa byenveni oswa yo endezirab; refize itilize non legal yon moun transeksyèl; refize refere a yon moun transeksyèl ak pwonon moun lan mande yo; refize itilize twalèt oswa lòt enstalasyon ki konpatib ak idantite seksyèl yon moun; refize bay yon moun transeksyèl tretman paske moun sa te pote plent kont diskriminasyon.

Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi yo sipèvize ak reglemante pwogram byennèt timoun, ak jèn ki sove ak sanzabri yo nan Eta New York. Akòz rejeksyon sosyete a ak fanmi yo, gen anpil jèn LGBTQ nan pwogram byennèt timoun yo, ak nan refij pou jèn ki sove ak sanzabri yo. Yo yo soufri plis pwoblèm sante mantal, toksikomani, epi yo gen plis chans pou yo fòse yo fè sèks, pou yo entimide yo oswa pou goumen nan lekòl yo. Anpil nan jèn sa yo gen anpil istwa twoma epi yo te maltrete yo, neglije yo, abize yo, oswa yo te viktim vyolans lakay yo. Lè yo refize ba yo swen sante ak swen sante mantal yo, sa pral plis aggrave twoma ke anpil nan jèn moun sa yo te viv. Antanke ajans

eta ki sipèvize prestasyon sèvis pou jèn ki pi vilnerab sa yo, se responsablite ajans sa a pou l defann dwa yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)